




CHIKAMU 1

MAVAMBO




A man with glasses and a beard, wearing a dark suit and tie, is seated in a large, ornate chair. He is holding an open book and appears to be reading. The setting is a library or study, with bookshelves filled with books visible in the background. A window with a view of a bright outdoor scene is behind him. The overall style is that of a comic book illustration.

NHOROONDO INO
INOTALURWA MURUGWARO
RWAKARE RWUNE ZVIURU ZVEMAKORE.
MASHOKO OSE ANDICHATAURA
NDEAZVOKWADI CHERO MAMWE
ACHO ACHIREMA KUATAMBIRA.


ZVOKWADI
YAGARA INOREMA
KUIGASHIRA KUDARIKA
NHAMBETAMBE.



PAKUTANGA, MUNHU
WOKUTANGA ASATI ASIKWA, NYIKA
ISATI YAVEPO, ZUVA, NYEREDZI,
CHAEDZA, NENGLVA ZVISATI
ZVASIKWA KWAIVA NAMWARI.



ZVAKADARO MWARI
VAIDA KUPA HUPENYU
HWAVO KUVANHU.
VAISHUVIRA KUWADZANA
NESHAMWARI
NEVAVAKIDZANI.



MWARI VANORARAMA
NOKUSINGAPERI LIYE HAVANA
MAVAMBO, ASI VAINGE VASIRI
VOGA KANA KUSURUKIRWA. MWARI
VASIYANA NOMUNHU ANE MAGUMO,
VANORARAMA VARI VATATU MUMWE
HWAVO. MUMWE NEMUMWE WAVO
WAKAENZANA PAUKURU HWAVO, LIYE
VANORARAMA NOKUSINGAPERI,
MUNHU MUMWE CHETE PATSIKA,
PASIMBA, PAMAITIRO AVO,
NEPAMUNDANGARIRO WAVO.



BHAIBHERI RINOTIUDZA KUTI
MWARI VAKASIKA NGIROZI ZHINJI
NECHINANGWA CHOKUTI DZIGOPA
RUMBIDZO KUCHIGARO CHAVO,
ASI IMWE YADZO ANONZI
RUSIFA YAKAVAPANDUKIRA
ICHITUNGAMIRA CHIDIMBU
CHECHITATU. MWARI
AKAVAKANDIRA PASI KUBVA
KUDENGA ZITA RARUSIFA
RIKASHANDURWA KUITA SATANI.



ASI NYAYA INO HAI SI
PAMUSORO PEAVA
VAKAPANDUKA.

IYI NDIYO NHOROONDO
YAMWARI ACHISHANDA
NERUDZI RWEVANHU.


TARIRA PEJI 322 PANOTARWA MUCHIDIMBU NEZVEBHUKU RINONZI
BHAIBHERI. ZVIZERE PAMUSORO PASATANI VERENGA NDIMA IRI
MUNA ISAYA 14:12-14, EZEKIYERE 28:13-19, MATEU 25:41,
RUKA 10:18, ZVAKAZARURWA 12:4, 20:2.


PAKUTANGA MWARI VAKASIKA
DENGA NENYIKA, NYIKA
YAKANGA ISINA CHIMIRO,
ISINA KUGADZIRWA, UYE
ISINA CHINHU, MUSIKI
NDOKUFAMBA FAMBA
PAMUSORO PEMVURA ZHINJI.



CHIRIPO --RIPOTYO, MWARI
VAKATAURA KURIMA...

"NGAKLIVE NECHIEDZA"





HAZVINA KUITIKA
SEMAFUNGIRO
ANOITWA NEVANHU
VANHASI. ZVISIKWA
HAZVINA KUVAPO
ZVICHISHANDUKA
ZVOGA NEKUFAMBA
KWENGLVA. KWETE,
NDIMWARI VAKATUMIRA
SHOKO MUMAZUVA
MATANHATU VAKASIKA
MHLUKA NEMICHERO
KUTI ZVIZADZE
PASI ROSE.

NYAYA YEMUNA MAVAMBO YAKAITIKA MAKORE
ANGAITE 4004 KIRISITU ASATI AZVARWA.





MUZUVA RETANHATU,
VAKAIPA VACHIZVIONA,
MWARI WAKAGADZIRA
CHISIKWA CHINONZI MUNHU
KUBVA MUHURLIVA.



MWARI WAKAFEMERA MWEYA WAKE
MUMUVIRI WEVHU, MUNHU AKAVA
MWEYA MUPENYU. MUNHU AKASIKWA
NOMUFANANIDZO WAMWARI,
AINE CHIMIRO CHAKAKUNDA
DZIMWE MHUDA DZOSE.


MWARI VAKATUMIDZA
CHISIKWA CHAVO KUTI
MUNHU, VAKAMUPA ZITA
ROKUTI ADHAMU.



MWARI
AKATARISA ZVOSE
ZVAAKASIKA AKATI,
"ZVAKANAKISA".


MAVAMBO 1:31, 2:7.

ZUVA NEZUVA, MWARI
WAIKURUKURA NAADHAMU,
ZVIROKWAZVO HUPENYU
HWAKANGE HWAKANAKA. MWARI
WAKAUNZA MHUKA DZOSE KUNA
ADHAMU KUTI AGODZITUMIDZA
MAZITA. APO, MHUKA
DZAIPFUURA NEPANAADHAMU,
IYE WAKASVIKA PAKUNZWISISA
KUTI NDIYE OGA AKANGE
ASINA MUBATSIRI.



NAIZVOZVO,
MWARI
VAKATI...

NDICHAGADZIRIRA
ADHAMU
SHAMWARI YAKE
ICHAMUBATSIRA
PAKURARAMA.



IPAPO JEHOVHA MWARI
AKAVATISA ADHAMU HOPE
HURU; AKATORA RUMBABVU
PARUTIVI PAKE, AKARUSHANDISA
KULUMBA TSVARAKADENGA
YAAIZOGARISANA NAYO.

VAMUMUTSA KUBVA KUHOPE
HURU, MWARI VAKAPA ADHAMU
MUDZIMAI WAKE. AKAVAUDZA
KUTI VABEREKANE VAWANDE
VAGOZADZA PASI ROSE. ADHAMU
WAKATUMIDZA TSVARAKADENGA
YAKE ZITA ROKUTI EVHA.

UYU
IPFUPA
REMAPFUPA
ANGU NENYAMA
YENYAMA
YANGU.

SATANI,
UYO AZERE
NELUPI AIVE
AKATARIRA.

CHERO ZVAVO VAIVE VASINA
KUSIMIRA, SEZVINOITA
VANA VACHECHE HAVANA
KUNYARA NAZVO.


VAIFARA MUBINDU REIDHENI,
UMO MAKANGE MUSINA CHIVI,
KANA NZARA, MAISAPISISA
KANA KUTONHORESA.

PAMUSORO
PEMITI MWARI
VAKATAURA
VACHITI...

LINGADYE
HAKO KUBVA
MUMICHERO IMWE YOSE
IRI MUBINDU RINO, ASI
USADYE KUBVA PAMUCHERO
URI PAKATI PEBINDU.
ZUVA RAUCHADYA KUBVA
PAMUTI UYU UCHAFU.

MAVAMBO 1:28,
2:2; 16-22; 25.

SATANI AIVE AKAVENGA MWARI,
UYE AIVA ANEMUFUNGO
WOKUPARADZA BASA RAKE.
KUTI AWANE NZIRA YOKUTAURA
NAEVHA, SATANI WAKASHANDISA
CHISIKWA CHAIVE CHAKANAKA
NDOKUTAURA KUBURIKIDZA NACHO.




MWARI VAKATI
KWAMURI MUSADYE
KUBVA PAMICHERO
YOSE IRI MUBINDU
HERE?




VAKATI
TINOGONA
KUDYA KUBVA
PAMICHERO
IMWE YOSE
KUNZE KWOUYU,
TIKANGOUBATA
TINOFA.

USADARO!
HAUZOMBOFI,
ASI UKAUDYA
LICHAVE SAMWARI.
LICHATANGA
KUNZWISISA
SEZVATINOITA ISU,
KUZIVA ZVAKANAKA
KUBVA PANE
ZVAKAIPA.



UNOYEVEDZA
KUNGOUTARISA,
IZVI ZVINORATIDZA KUTI
UNONAKA NDIKAUDYA.
UCHANDICHENJEDZA
NDIKAUDYA, ASI MWARI
VAKATI NDISADYE
MUCHERO UYU.

EVHA WAISAZIVA
KUTI ZINOREVEI KUTI
ZVAKANAKA NEZVAKAIPA

A woman with long, dark, wavy hair is shown from the chest up. She is looking upwards with a surprised or awe-struck expression. Her right hand is raised to her cheek, and her left hand is holding a golden, round fruit. In the background, there is a tree with green leaves and another golden fruit hanging from a branch. The scene is set against a bright yellow background with radiating lines, suggesting a bright light or a divine presence.

EVHA WAKARAMBA
KUTEERERA
MWARI NDOKUDYA
MUCHERO UYU.

CHIRIPO-RIPOTYO, EVHA
WAKAZIVA KUTI AKANGE
ANYENGERWA, WAKANGE
OZIVA ZVAKANAKA NEZVAKAIPA,
ASI CHIVI CHAKANGE
CHATOBATA LISHE MAARI.

EVHA AKATORA
MUCHERO UYU
NDOKUKWESVEDZERA
MURUME WAKE
KUTI ADYEWO.



TARIRA,
HANDINA KUFA
PANDADYA,
UKAUDYA
UNONGWARA.

MESO AVO
AKAVHURIKA
VAKATANGA
KUNYARA NOKUTI
VAKANGE VASINA
KUSIMIRA.

GE, GE, GE. NHASI
ACHAKUURAYA! TARIRA
ZVAANDIITA.





CHII
CHAIZVO
CHATAITA?

TATYORA MURAWU
WAMWARI, LIYE
ACHANGE ACHIDZOKA
NEKUCHIMBIDZA.
NGATIVHARE KUSHAMA
KWEDU.



**ADHAMU
URUPI!**

**PANDANZWA
IZWI RENYU,
NDABATWA
NOKUTYA
NOKUTI
HANDINA
KUPFEKA.**

**NDIYANI
AKUUDZA
KUTI HALINA
KUPFEKA, ASI
WADYA MÜCHERO
WANDAKATI
USADYE
KANHI?**



MUKADZI
WAMAKANDIPA,
NDIYE
ANDINYENGERA.

MAVAMBO 3:6-12

A woman with long dark hair, wearing a green dress made of leaves, stands in a forest. She is pointing her right hand towards a large, scaly dragon with orange and white scales. The dragon is standing on a yellowish ground. The background shows trees and a bright sky. A speech bubble is positioned above the dragon, and another larger speech bubble is in the foreground.

PSSSSSSSS!

**NYOKA YANDINYENGERA,
YATI NDICHANGE NDAFANANA
NEMI, ASI HAZVINA KUDARO.
NDIRIKUSHUSHIKANA
ZVIKURU.**


NOKUDARO MWARI
VAKATUKA NYOKA
NDOKUTI KWAIRI...

NOKUTI
WAITA IZVI,
LICHAZVONGONYOKA
NEDUMBU LYE
LICHADYA HURLVA.

MWANA WAKO
NEMWANA WEMUKADZI
VACHAVA MHANDU.
MWANA WAKO ACHARUMA
CHITSITSINHO CHEMWANA
WOMUKADZI, ASI MWANA
WOMUKADZI ACHATSIKA
MUSORO WAKO.



ICHI CHIGA
CHEHONDO
YAIZOLUYA. NGLUVA
ICHAKWANA APO
MWANA WEMUKADZI
ACHAPARADZA
NYOKA. MUNHU
UYU ACHADZIKINURA
VANHU VOSE
ACHIVAYANANISA
NAMWARI WAVO
NOKUVASUNUNGURA
KUBVA PAZVIVI.



MWARI VAIGONA KUPARADZA RUSIFA
NEMADHIMONI AKE IPAPO IPAPO, ASI
NECHIKONZERO CHOKUTI VAIDA KUONA
MUFUNGO WEMUNHU KUTI AIZOVATEERERA
HERE KANA KUTI AIZOTEERERA SATANI
MUKUTADZA, VAKAMBOMIRA KUMUPARADZA.

MAVAMBO 3:13-15



MWARI VAKATUKA
RUDZI RWEVANHU
VACHITI...

**KUNA ADHAMU,
NOKUTI WAKABVUMA
KUNYENGEDZWA
NOMUKADZI WAKO,
UKATYORA MURAIRO
WANGU, NDICHATUKA NYIKA,
ICHABEREKA RUKATO
NEMINZWA, ICHAKURA
KUDARIKA MICHERO
INODYIWA, UYE
UCHADYA CHEZIYA.**

YAKANGE YAKWANA NGLIVA
YOKUTI ADHAMU NAEVHA VACHIFA
SOKUVIMBISA KWAMWARI, ASI
MWARI VAKASARUDZA KUBAYA
MHUKA PACHINZVIMBO CHAVO,
VAKASHANDISA MATEHWE ADZO
KUFUKIDZA ADHAMU NAEVHA.





HAVANA
KUTIURAYA! TICHIRI
VAPENYU!

VAURAYA
MHLUKA IDZI
PACHINZVIMBO
CHEDU!

CHERO ZVAVO ADHAMU NAEVHA
VAKAPOTSWA NERUFU ZUVA IRI,
PACHINZVIMBO PAVO PAKAFA MHLUKA
DZAIVE DZISINA MHOSVA. ZVAKADARO
CHIGA CHORUFU CHAIVE CHAGARA
PAMUSORO PEUPENYU HWAVO,
MHEDZISIRO YAVO IKAZOVA RUFU.
MUTONGO WECHIVI NDIRWO RUFU.

SEZVO ADHAMU NA EVHA
VAKANGE VAVE VATADZI, MWARI
AKAVABURITSA MUBINDU REIDHENI
KUTI VASAZODYA KUBVA PAMUTI
WOLUPENYU, IZVO ZVAIZOITA KUTI
VARARAME MUCHIVI NOKUSINGAPERI.





MWARI VAKAMISIKIDZA
NGIROZI YAKASARUDZIKA
INONZI KERUBHI KUTI
IDZIVIRIRE VANHU
KUNANAVIRA KUSVIKA
PAMUTI WOLPENYU.
BINDU REIDHENI
RAKAZOPARADZWA MUTI
UKABVISWA KUBVA
PANYIKA. RIMWE ZUVA
UCHADZORWA, ASI
IYI HAIYO NYAYA
YANDINANAYO.



MAVAMBO 3:17-24; EZEKIYERE 18:4

ADAMU NEEVHA
VAKAZVARA VANAKOMANA
NEVANASIKANA VAKAWANDA,
AVO VAKAZOWANANA
VAKAVAWO NEVANA VAVO.




PAKASIKWA MUNHU HOSHA NEHUREMA
ZVINOKONZERWA NEWANANO
PAKATI PEHAMA ZVAISAVAPO,
ASI NEKUFAMBA KWENGLVA
MATAMBUDZIKO AZVO AKATANGA
KUONEKWA IZVO ZVAKAITA KUTI MWARI
VADZIVISE KUWANANA KWEHAMA.

MWANAKOMANA WAADHAMU
NAEVHA MUKURU AINZI KAINI WAIVA
MURIMI WEVHU, ACHIRIMA MICHERO
NEMIRIWO, WECHIPIRI AINZI ABHERO
UYO AIFUDZA ZVIPFUWO SEMAKWAI.
KUTI ZVINGADARO KUTI PAKATI
PAVO PAIZOBUDA MUZODZIWA
WAMWARI AIZOPARADZA SATANI?




KAINI NAABHERO VAIZIVA
NHOROONDO YEZVAKAITIKA MUBINDU
REIDHENI, CHERO ZVAZVO MWARI
VAISAFAMBIDZANA NOKUYANANA
NOMUNHU. ADHAMU NEDZINZA
RAKE VAISAFAMBIDZANA NAMWARI
NECHIKONZERO CHOKUTADZA
KWAKE. ZVEDI HUPENYU HWAKANGE
HWAKAOMA PASINA MWARI.



JEHOVHA
MWARI WANGU,
NDIRI MUTADZI;
NDAURAYA GWAYANA IRI
SECHIBAYIRO PANZVIMBO
YANGU KUTI
MUNDIREGERERE.

RIMWE ZUVA VANAKOMANA AVA
VAKAFUNGA KUSHUMIRA KUNA
MWARI. BABA VAVO VAINGE
VAVAUDZA NEZVEZVIBAYIRO
ZVAKAITWA NAMWARI PAVAKATADZA
MUBINDU, NOKUDARO ABHERO
NOKUTENDA AKAPIRA CHIBAYIRO
CHEMHUKA KUNA MWARI.



KAINI WAKASHANDISA
ZVAKANAKISA KUBVA PAZVIRIMWA
ZVAKE SECHIBAYIRO. HAANA
KUZIVA KUTI CHIVI CHAKE
CHANYANGADZA JEHOVHA.

MWARI WANGU,
GAMUCHIRAI
CHIPIRISO CHANGU
ICHI, CHINOBVA PANE
ZVAKANAKISA
ZVANDAKARIMA.

KUTI PAKATI PEVAKOMANA
AVA PAIZOBLUDA MUZODZIWA
AIZODZIKINURA VANHU HERE?

MAVAMBO 4:1-4;
VAROMA 3:29; VAHEBHERU 11:4

KWETE, KAINI



**MWARI VARAMBA KUGAMUCHIRA
CHIPIRISO CHAKO CHISINA ROPA.**

**JEHOVHA VAKAFADZWA NECHIPIRISO
CHAABHERO. PAVAKAONA KUDELURWA
KWEROPA RAKANGA RISINA
MHAKA, MWARI VAKAREGERERA
ABHERO ZVIVI ZVAKE.**



**MWARI VAKATI KUNA KAINI, UKAITA
ZVAKANAKA UNOGAMUCHIRWA,
UIYE UNOVA NEUSHE PAMUSORO
PAABHERO MUNIN'INA WAKO.**

UNOZVIONA
SAANI CHAIZVO,
IWEABHERO?
CHIPIRISO
CHEZVIRIMWA
ZVANGU CHAKAKOSHA
KUDARIKA HWAYANA
YAKO YAZADZA-ZADZA
ROPA. CHII CHAIZVO
CHINOTA KUTI
LUDADE KUDAI IWE
ABHERO?

UNAWO
MUKANA
MUKOMA
WOKUPIRA
CHIBAIRO
CHEROPA,
NGUVA
ICHIRIPO.



NDANETA
NEKUNZWA
IZVOZVO.

DZEMU DZEMU!

MAVAMBO 4:5-8

**KAINI WAKAURAYA ABHERO,
NDOKUEDZA KUVIGIRIDZA
HUMHONDI HWAKE.**



ASI, KAINI WAISAGONA
KUVIGIRIDZA CHIVI CHAKE
KUBVA KUNA JEHOVHA,
MWARI VANOONA
NEKLZIVA ZVOSE.

KAINI,
KO
MUNIN'INA
WAKO
ABHERO
ARIPI?

NDINOFANIRA
KUZIVA SEI
KWAARI, NDINI
MUCHENGETI
WAKE HERE?

IZWI
NEROPA
REMUNIN'INA WAKO
RINODANIDZIRA
KWANDIRI KUBVA
PANYIKA.

MWARI UNOZIVA NOKUONA
ZVOSE NGLVA DZOSE. HAPANA
CHAKAVANZIKA KWAARI. AKAONA
ZVAKAITWA NAKAINI KUNA ABHERO.
MWARI VAKAISA CHITUKO PANA
KAINI LIYO AKATIZIRA MUGWENGA,
IYE NEMHURI YAKE. MHOSVA YAKE
YAKAMUUNZIRA KUSHUSHIKANA
NEKUTAMBUDZIKA KUKURU.



KAINI HAAIGONA KUVA MUDZIKINURI,
NAIYEWO AITODA KUDZIKINURWA.

GARAZVIYA MWARI VAINGE VAVIMBISA
MWANAKOMANA AIZODZIKINURA
VANHU. ADHAMU NAEVHA VAKABEREKA
MUMWE MUKOMANA WAVAKATUMIDZA
ZITA ROKUTI SETI, MUSHURE MEZVO
VAKAITA VAMWE VANAKOMANA
NEVANASIKANA VAKAWANDA.



MWARI
VATIPA MUMWE
MWANAKOMANA
KUTSIVA UYO
AKABAIWA
NAKAINI.

MAVAMBO 4:9-16, 5:4;
MABASA 17:24-26


SETI WAKAVA NEMWANAKOMANA LIYO
AKAZVARAWO WAKE MWANAKOMANA,
NYANGWE PAKABARWA VANAKOMANA
VAZHINJI, HAPANA WAKAKWANISA
KUBVISA CHITUKO NERUFU ZVAIVA
PAVANHU. MUSHURE MECHINGUVA,
NYIKA YAKANGE YAZARA NEVANHU
NEMAGUTA, MARUWA NEMINDA MIKURU.



MUKUFAMBA
KWENGLVA KWAKAVA
NEMARUDZI EVANHU
AKAWANDA, ZVIVI
ZVIKATEKESHERAWO
NENYIKA, KUNYANYA
CHIPFAMBI
NEKURWISANA.
MUNDANGARIRO
WEMUNHU WAIVE
WAKANGOREREKERA
KUITA MABASA
AKASHATA, PASINA
ANOTSVAGA
KURLURAMA. ADHAMU
AKATADZA RUMWE, ASI
VORUZHINJI VAKABATA
ZVIVI ZVAKAWANDISA.



MWARI VACHIONA IZVI VAKATI
“NDINODEMBA KUTI NDAKASIKA
MUNHU, NDICHAPARADZA CHOSE
CHINORARAMA PANYIKA.”
UYUWO SATANI ANOVENGA
HUMAMBO HWAMWARI
WAITOPEMBERA KUONA MWARI
ACHIPARADZA VANHU VOSE.



KWAKAVA NEMARUDZI
MAPFUMBAMWE
(MAKORE 1,400),
NYIKA YAZARA NEZVIVI.

VANHU VAKATANGA
KUTORA VAMWE
VAVO SEVARANDA.


KUTI MWARI AIZOWANAWO
MHURI INOTEERERA
YOKUDA NOKUWADZANA
NAYO HERE?

MAVAMBO 6:5-7; VAROMA 5:12

PANGLVA INGAITE
MAKORE 2500 KIRISITU
ASATI AZVARWA



PAIVE NEMURUME
AITSVAGA KURLURAMA
NOKUITA ZVAKANAKA
NGLVA DZOSE.
CHERO MWARI
VAIZOPARADZA
VAMWE VOSE
PANYIKA, ASI
VAKAITIRA UYU
TSITSI, IYE
NEMHURI YAKE.



**NOWA,
NDICHATUMA
MVURA ZHINJI
PANYIKA
ICHAPARADZA
ZVOSE
ZVINORARAMA.
CHIVAKA AREKA
ICHANUNURA IWE
NEMHURI YAKO
NEMHUKA.**




**CHIPINDA
MUAAREKA IWE
NEZVIVIRI ZVIVIRI
ZVEMARUDZI EMHUKA
DZOSE PANYIKA. UGOTAKURA
ZVINOMWE ZVEMHUKA
DZAINOTENDERWA KUDYA.
NDICHAKUUDZA MAVAKIRO
AUCHAITA AREKA NEZVIMWE
ZVAUCHAITA KUGADZIRIRA
MVLURA ZHINJI ICHALYA.**

KUTI NOWA NDIYE MUZODZIWA
AIZOPARADZA MABASA ASATANI?
AIZOTEERERA MWARI HERE KANA
KUTI NAIYE AIZOKUNDIKANAWO?



MWARI VAKARATIDZA NOWA
MAGADZIROO AAIFANIRA KUITA
AREKA, KUTI IGOGONA KUTAKURA
MHLUKA NECHIKAFU CHAVAIZODYA.

MAVAMBO 6:8-9, 17-22, 7:2



NDINOKUYAMBIRA
KOKUPEDZISIRA, MWARI
VACHAPARADZA NYIKA
NEMVURA ZHINJI, TENDAI
SHOKO IRI MUYE
TIBATSIRANE KUVAKA
AREKA.

ZVAISHUNGURUDZA
NOWA KUTI VANHU
VAZHINJI VAIZOPARARA
MUMAFASHAMU
AIZOUYA, NOKUDARO
AIYAMBIRA VANHU
POSE PAAIWANA
MUKANA.



MWARI
ANERUDO
ANGAPARADZE
VANA VAKE
SEI?

NOKUDA
KWECHIVI, SIYAI
ZVAKAIPA, GARISANAI
NEVAMWE MURUDO
NEMUKURURAMA.

**BENZI
ROMUNHU!**

KWAPERA MAKORE ZANA NEMAKUMI
MAVIRI, AREKA ICHINGE YAPER
KUVAKWA, MWARI VAKAITA KUTI
MHUKA DZOSE DZIENDE KUNA
NOWA KUBVA PASI ROSE.


TARIRA,
MHUKA DZOSE
DZOENDA KUNA NOWA
SOKUNGE PANE
ANODZIDANA.





DZIMWE
DZACHO
DZINOSHAMISA,
NDAISAZIVA KUTI
KUNE MHLUKA
DZAKADARO, KUTI
ZVIYA ZVAITAIRWA
NANOWA ZVOKUTI
MWARI UCHATUMA
MVLURA ZHINJI
CHINGAVA
CHOKWADI?

KWETE,
HAKUNA
ZVAKADARO,
INOBEPI MVLURA
INGAZADZE PASI
ROSE.



HAMUSISINA
NZVIMBO
HOMBE YASARA
MUNO.

IDZI NDIDZO
DZOKUPEDZISIRA.

**NOWA,
YAKWANA NGLIVA
IYA, PINDA MUAREKA
IWE NEMHURI YAKO.
YAVAPERERA NGLIVA
VOSE VAYA VAKARAMBA
KUREGERA ZVAKAIPA
ZVAVO**

MWARI
WAKAVHARA
GONHI REAREKA,
KUKAPERA
MAZUVA
MANOMWE
PASINA
CHAITIKA.

VAKASEKA
HAVO VAIONA,
TARIRAI MAPENZI
AKAZVIVHARIRA
MUAREKA NEMHUKA
DZOSE IDZO
MURENJE KUSINA
KANA MVURA.

HAUFUNGI
KUTI SHUMBA
DZAVAITA
KANYAMA
KANYAMA
IMOMO,


SVONDO
ROSE VARIMO!



MUZIVA RECHINOMWE KWAKATANGA
KUNAYA, MVURA YAIVE IRIPASI
PENYIKA YAKATANGA KUSIMUKA.

HANDISATI
NDAMBOONA
ZVAKADAI, KUTI VAYA
VEKUPENGA VARI MUAREKA
VAITaura CHOKWADI HERE
KUTI MWARI ANODA
KUPARADZA VANHU
VOSE NEKUDA
KWEZVIVI.





USAPENGE
IWE, MWARI
RUDO, ZVINGAITE
HERE KUTI MUNHU
MUMWE AGOZIVA
CHOKWADI
CHAKAVANZIKA
KUVAMWE VOSE
VATUNGAMIRI
VEZVITENDERO.

KUSVIKA PANO, MVURA YAKANGE
ISATI YAMBONAYA ICHIBVA KUDENGA,
VANHU VAIZIVA MVURA INOSIMUKA
KUBVA PASI ICHIDIRIDZIRA NYIKA.
IZVI ZVAKAITA KUTI VANHU VATI
NOWA AIPENGA, ASI NOWA AKANGE
AKAMIRA PASHOKO RAMWARI.



**NDAAFANIRA
KUTEERERA KUNA
NOWA, NDAKAITA
HUPENZI CHAIHO!**

**MWARI
BATSIRAI
MWANA
WANGU!**

MAVAMBO 7:9-12, 16



MAKORE ANGASVIKA 2348
KIRISITU ASATI AZVARWA.

PAKAPEPUKA VAZHINJI KUTI
NOWA WAITAURA CHOKWADI,
NGLIVA YAKANGE YAPERERA.

KWAKANAYA MAZUVA NEUSIKU
HUNOSVIKA MAKUMI MANA,
KUSVIKA MAKOMO PASI ROSE
AFUKIDZWA NEMVURA. ZVISIKWA
ZVOSE ZVINOFEMA ZVAKAFA
KUSARA IZVO ZVAIVE MUAREKA.
GORE RAKAPFUURA VAIVA
MUAREKA VASATI VABUDA.

MAVAMBO 7:12, 19:23, 8:9-12



NDICHAFARA
PACHASERERA
MVURA KUTI
TIGOKWANISA
KUBUDA
MUAREKA
INO.

PAKUPEDZISIRA NOWA AKAREGEDZERA NJIVA,
IKADZOKA INE BAZI REMUTI, ZVAIREVA KUTI
MITI YAKANGE YOTOKURA. MUKUFAMBA
KWENGLVA AKAREGEDZERA NJIVA ZVEKARE,
RWENDO RUNO HAINA KUZODZOKA ZVICHIREVA
KUTI YAKAWANA POKUGARA PAKANAKA.



MUSHURE MENGUVA PFUPI,
AREKA YAKAZORORA PAGOMO
REARARATI. VANHU NEMHUKA
ZVAIVA MUAREKA VAKADZIKA
PASI KUNYIKA ISINA ZVIVI.



NOWA AKAVAKA ARITARI AKAPA
ZVIPIRISO ZVEMHUKA KUNA MWARI.
CHERO NOWA AIVE AKARURAMA,
MUMOYO MAKE MAIVE NECHIVI.
ZVIPIRISO IZVI ZVAIPIRWA KUMIRIRIRA
NOWA NEMHURI YAKE.



ZVIPIRISO ZVEMHUKA ZVAIMIRIRA
VASERE VAIGONA KUNGE
VAKAURAYIWA NEMAFASHAMU,
ASI VAKAWANIRWA NYASHA
NAMWARI. IZVI ZVINGAFANANIDZWE
NEKUNUNURWA KWAKAITA VEMUBINDU
REIDHENI PAKAURAYIWA MHUKA
YEKUFUKIDZA ADHAMU NAEVHA.

**NDICHAKUPAI
MUCHERECHEDZO
WEMURARABINGU
UCHATAURA KUTI
HANDICHAPARADZI NYIKA
NEMVURA ZVEKARE.
BEREKANAI MUWANDE
MUZADZE PASI ROSE.**



**MHUKA DZICHAKUTYAI
SEVANHU. CHIDYAI
MHUKA DZOSE MHENYU
NEDZINOKAMBAIRA, SEMADYIRO
AMLINOITA MURIWO, ASI
HAMUTENDERWI KUDYA
CHISIKWA CHINE ROPA KANA
KULURAYANA.**



**LIYO
ABATWA NEMHOSVA
YEKULURAYA
NGAATONGERWEWO RUFU. LIYU
ADEURA ROPA REMUMWE, RAKE
ROPA NGARIDEURWEWO KUTSIVA
ROPA RADEURA.**



NOWA AKAVA MURIMI, AKADYARA
MUNDA WEMUZAMBIRINGA.
PASI PAINGE PAKASURLIVARA
NEMHURI INA DZOGA, ASI
MUSHURE MENGLVA PFUPI,
VANAKOMANA VANOWA VAINGE
VAVE NEMHURI DZAVOWO.




MAVAMBO 8:4, 20, 9:1-29

NOWA AKADZIDZA KUGADZIRA DORO NEKUISA MAZAMBERINGA MUMAKATE KWENGLVA. AKATANGA KUFARIRA DORO IRO RAISHANDURA HUNHU HWAKE NEKUMUTADZISA KUSHANDA. DZIMWE NGLVA RAMUBATA AIRARA KWENGLVA IZVO ZVINHU ZVAISAFADZA MWARI.




RIMWE ZUVA NOWA
WAKADHAKWA
ZVOKLUKUMURA
NHUMBI DZOSE
NDOKURARA
ARIMUSHWI.
MWANAKOMANA
WAKE HAMU AKAONA
KUSHAMA KWABABA
VAKE NDOKLUUDZA
VAKOMA VAKE
ACHISEKA
NEKUNYOMBA.



PAKAMUKA
NOWA,
VANAKOMANA
VAKE
VAKAMUUDZA
ZVAKANGE
ZVAITWA
NAHAMU.

MWANA
WAKO KENANI
NEDZINZA RAKE
VACHAVA VARANDA
KUDZINZA
RASHEMU.



CHIPOROFITA ICHI
CHAKAZADZISWA
MAKORE MAZHINJI
AKATEREVERA.
RUDZI RWAKENANI
RWAKAGARA
MUFIRISITIYA UMU
MAVAIVA VARANDA
VEMAJUDHA.

MAVAMBO 9:21-27; 1 VAKORNIKE 4:40;
MAPISAREMA 78:51, 105:23, 27, 106:22

SETI



KAINI




ABHERO

ADHAMU
NAEVHA

MWAI
VAKAURAYA
VOSE KUNZE
KWEVASERE
IVAVA.



NOWA
NEMHURI YAKE
VAKAWANIRWA
NYASHA
NAJEHOVHA.



MUKUFAMBA KWENGLVA, RUDZI RWAJAFETI
RWAKAENDA KUMAODZANYEMBA
NEKUMADOKERO UKU KWARWAKANOGARA
VAKAWANDA. SHEMU WAKAENDA
KUMABVAZUVA AKANOGARA KUNYIKA
YEEZHIYA. HAMU WAKAENDA KUCHAMHEMBE
AKANOGARAKO KUSANGANISIRA
NEDZIMWE NZVIMBO DZIRI KUCHAMHEMBE
KWEEZHIYA. AWA NDIWO MAPARARIRO
AKAITA VANHU PASI ROSE.

MUMAKORE ANGAITE 2247
KIRISITU ASATI AZVARWA

MWANAKOMANA WANOWA HAMU
AKAZVARA MWANAKOMANA ANONZI
KUSHI, KUSHI AKAZVARAWO
MWANAKOMANA ANONZI
NYIMURODHI. NYIMURODHI
AKAKURA AKAITA HOMBARLUME
HURU PASI ROSE. NYIMURODHI
AKARAMBA KUFAMBA MUNZIRA
DZAMWARI AKATANGA CHITENDERO
CHAKE MUDUNHU REBHABHIRONI.



VAGARI VEMUBHABHIRONI VAKARAMBA
PFUNGWA YAMWARI YOKUPARARIRA VACHIZADZA
NYIKA YOSE, NOKUDARO VAKASARUDZA
KUVAKA GUTA NORUSVINGO RUNOSVIKA
KUDENGA KUTI VAZVITSVAKIRE MUKURUMBIRA.





UYU HAASI MWARI
WEMAZVIROKWAZVO
WAVAINAMATA, SATANI
WAKAVANYENGERA KUVAKA
TUMWARI TWEZVILUMBWA
ZVEHUNI, MATOMBO
ANOKOSHA NEMABWE.

ZVAKAGUMBURA MWARI KUTI VANHU
VEBHABHERI VAIRAMBA KUPARARIRA
NENYIKA YOSE, NOKUDARO, MWARI
AKAPESANISA RURIMI RWAVO.




ᑲᑲᑲ ᑲᑲᑲ ᑲᑲᑲ
ᑲᑲᑲᑲᑲᑲᑲᑲᑲ ᑲᑲᑲᑲ
ᑲᑲ ᑲᑲᑲᑲᑲᑲᑲ

ᑲᑲᑲ ᑲᑲᑲ ᑲᑲᑲ
ᑲᑲᑲᑲᑲᑲ ᑲᑲᑲᑲᑲᑲ
ᑲᑲᑲᑲᑲᑲ

VAVAKI VAKANGE
VASINGACHANZWANI IZVO
ZVAKAITA KUTI BASA RIMIRE.



NDIMI DZAKASIYANA-SIYANA
DZAKAENDA KUNZVIMBO
DZAKASIYANA-SIYANA. VAMWE
VAKAFAMBA NEZVIKEPE VACHIENDA
NZVIMBO DZEKURE, VAMWE
VAKAENDA KUMAODZANYEMBA,
VAMWE VAKAENDA KUMADOKERO,
VAMWE NDOVAKAENDAWO
KUNZVIMBO DZINOTONHORA, VAMWE
VAKANOGARA MUMAGWENGWA.
IZVI ZVAKAZADZISA IZWI RAMWARI
ROKUTI PARARIRAI NENYIKA YOSE.



PAKAPARARIRA VANHU PASI
ROSE, CHIVI CHAKATANGA
KUBATA HUSHE, VANHU
NDOKUTANGA KUNAMATA
ZVIFANANIDZO VACHIRASA
MWARI WAVO.

MAVAMBO 10:6-10, 11:1-9



<https://goodandevilbook.com/>